ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЫДОКІ

№61 (23.469) ● 2017 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 6, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Шынагъуэншагъэм топсэлъыхь

Къэбэрдей-Балъкъэрым Террорым пэщІэтыныжьмкІэ щыІэ комиссэм (АТК) и зэІущІэр дыгъуасэ екІуэкІащ. Къызэхуэсахэр дакъикъэкІэ яхуэщыгъуащ иджыблагъэ Санкт-Петербург къалэм и метром къыщыхъуа гуэзэвэгъуэм хэкІуэдахэм. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий зэІущІэр къыщыІэуихым жиІащ щыхуэхэр терроризм щІэпхъаджагъэхэм ящыхъумэным и мыхьэнэр зэрыниыр, ар республикэ унафэщІхэм я къалэн нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр.

● Дыгъуасэ

-САНКТ-ПЕТЕРБУРГ къыщыхъуам къеГэлъагъуэ апхуэдэ гуэзвэгъуэм зыщыпхъумэнщи икъуэкІ зэрыгугъур. Апхуэдэу щытми, щІыхьэ транспортым щыщыІэпхъэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныжьым нэхъ дегуГъуу делэжьыпхъэщ. Дауи, ар тыншкъым, итІани ди къарур зэхэлъу апхуэдэ Іуэхугъэхэр къэмыгъэхуныж дыкуэсакъым хуейщ, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий. - Терроризмэм иІэкъым гъунапкъэ, ар, ди жагъуэ зэрыхъунщи, яльэОІэс сыт хуэдэ лъэпкъми. Абы и хъым ихуа цІыхур игъэщхьэрыуэу аращ, я Іуэху Іейхэр щІащІэм и мыхьэнэри къагурымыІуэжу. Ар ди зэманым къыхихьа узыфэ шынагъуэу аращи, абы къару имыгъуэт щыкІэ, и гъабжьэр къыщыщІидзэм деж щыдгъэкІуэдыжьын хуейщ. Арыншамэ, къриклІуэнур нэрылъагъущ. Сыхуейт комиссэм хэтхэм мы Іуэхум гулъытэ хэха хуэфащыну, лэжьыгъэм жэуаплныгъэ фхэлъу фыбгъэдыхьэну. Республикэм терроризмэм пэщІэтыныжьмкІэ лэжьыгъэ хъарзынэ мы зэманым ирихьэлІэу едгъэжькІуэкІами, зы дакъикъи зыдгъэпсэху хъунукъым.

КъБР-м Транспортымрэ связьмкІэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ **Мамбэт Альберт** тепсэлъыхьащ цІыхубэ транспортыр терроризмэм щыхъумэныжьмкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм.

Ди министерствэм мазаем и 7-м иригъэкІуэкІащ КъБР-м и транспортыр терроризмэм щыхъумэныр къызэгъэпэщыныжьмкІэ зэпымыууэ щыІэ лэжьакІуэ гупым я зэІущІэ. Республикэм и автотранспорт Іуэхущ1апІэхэм я лЫкІуэхэр къэмыгъэхуныж зыхэта а зэхуэсым щытепсэлъыхьащ Налшык къалэм мы зэманым щаухуэ вокзалхэм шынагъуэншагъэр къызэрыщызэгъэрагъэпэщыну щыкІэм, - жиІащ Мамбэтым. - Апхуэдэу ди Іуэхущ1апІэм и Іэщ1агъэлІхэмрэ АТК-м и лЫкІуэхэмрэ зэгъусэу къэпщытэныгъэхэр щрагъэкІуэкІащ вокзалхэм. Абыхэм видеокІэ зэрыкІэлъыплъ системэхэр щагъэувынущ. КъэпщытакІуэхэм шынагъуэншагъэ и лъэныкъуэкІэ абыхэм щыщІэныгъэ гуэрхэр къыщыщІагъэщати, ахэр ягъэзэкІуэжыну унафэ ящІащ. Автомобиль, гъущІ Іуэгу транспортхэмрэ кхъухьлъатэхэмрэ терроризм щІэпхъаджагъэ къыщымыгъэхъун мурадкІэ Іуэхугъуэ зыбжанэ едгъэкІуэкІащ.

Мамбэт Альберт тепсэлъыхьащ республикэм иджыпсту щылажьэ автовокзалхэмэ шынагъуэншагъэр къызэрыщызэгъэпэщащыкІэхэм. Абы зэрыжиІамкІэ, билет щашэ кассэхэм, вокзалхэм я пэщхэм терроризмэм пэщІэтыныжьмкІэ хъыбархэр зытет стендхэр щІэрыщІэу щысфІадзащ, дежурнэ ІэнатІэхэм я телефонхэр къыщагъэлъэгъуащ. Республикэм и автовокзалхэм техьэ псоми зэхахьи хуэдэу щІэх-щІэхыуэр кьат я шынагъуэншагъэм кІэлъыплъныныр зыщамыгъэгъупщэну. КъэхъукъащІэ гуэр хэхуамэ, ящІэн хуейр кІэщІу къыщыгъэлъэгъуа тхьилъыплъэхэр автобус-хэм кІэрыльщ. Мамбэтым къыхигъэщащ щІэпхъаджащІэхэм иджырей техникэхэр (сурэттех Іэмэпсымэ, ноутбук, планшет, н.) къагъэсэбэпурэ лагъым Іэрыщ1эхэр къызэрагъэуэр.

- Транспортхэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыныжьмкІэ дзІэпыкъуэгъу мэхъу «Республикэ шынагъуэншэ» программэр. Абы мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлІэу къызэзгІэбыдащ видеокамерэкІэ зэрыкІэлъыплъ системэ 630-рэ, гъэзагъэм хабзэр къыдэзрыщыщэзпаудым сурэт тезых Іэмэпсымэу 106-рэ, «Гражданин-полиция» комплексу 18, къалэхэмрэ районхэмрэ щылажьэ сервер центру 14. Республикэм и автовокзалхэм видеокамерэ 75-рэ щолажьэ, - дыщІигъуащ абы.

«Къэббалъкъавтотранс» Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Апажэ Анзор** жиІащ Автовокзал №1-м 2016 гъэм и жэпуэгъуэм къэпщытэныгъэхэр зэрыщагъэкІуэкІар, псом хуэмыдэу терроризмэм пэщІэтыныжьмкІэ абы и Іуэху зытетым зэрыкІэлъыплъар. Абы къыхигъэщащыныгъэншагъэр къызэгъэпэщыныжьмкІэ мы зэманым зэхагъэувэ планым тету лэжьыгъэ пыухыкІэхэр зэрызэфІагъэкІынур. Апажэм зэрыжиІамкІэ, транспорт шынагъуэншагъэм теухуа федеральнэ хабзэмкъыщыгъэлъэгъуар зэфІагъэкІыным 2017 гъэм сом зы мелуанрэ мин 69-рэ текІуэдэнущ.

КІуэкІуэ Юрий жиІащ шынагъуэншагъэр къызэзгъэпэщ Іэмэпсымэ льапІэхэр щыналъэм и автовокзалхэм щагъэувын щхьэкІэ, федеральнэ ахъшэ сом мелуан 21-рэ и уасэу 2012 гъэм къащэхуахэр щІэмылажьэм и щхьэусыгъуэр зэхагъэкІынэ.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Алэкъуей Арсен** жиІащ ирагъэкІуэкІ Іэжьыгъэр нэрылъагъуу щытми, зэфІамыгъэкІыфахэри зэрыщыІэр. «Къэбгъэльагъуэмэ, терроризм гупсысэм дихьэхыныжьмкІэ дызытеныныхь цІыхухэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр дызэрыхуейм хуэдэ дыдэу ядедгъэкІуэкІыфакъым, хэщІынэмыщІауэ, Сирием щекІуэкІ зауэм хэтыну къэралым иКІаэм я Іыхьлыхэм и Апхуэдэу лъэхъуэщым къикІыжа цІыху 83-м щыщу профилактикэ ядед Апхуэдэу щытми, адэкІи а лэжьыгъэхэр едгъэкІуэкІыну ди мурадщ, - жиІащ Алэкъейм.

Абы къызэрыхигъэщамкІэ, Налшык къалэ округым терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэрыщыпэщІэтынум теухуа, 2017 - 2021 гъэхэм ятещІыхьа муниципальнэ программэщІэ зэхагъэуващ. Абы къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр ягъэзэщІэным текІуэдэнущ щІыпІэ бюджетым щыщ сом мелуан 11-рэ мини 127-рэ. АхъшэмкІэ республикэм и курыт еджапІэхэр видеокамерэхэмрэ турникетхэмкІэ къыщагъэпэщынущ, мафІэс кьыхэзрыльэр къозыгащІэ Іэмэпсымэхэр ягъэувынущ, пщІантІэхэр къагъэнэхунущ. 2017 гъэм а Іуэхухэм ятеухуауэ къагъэсэбэпыну я мурадщ сом мелуани 7-рэ мин 510-рэ, 2018 гъэм - сом мелуани 2-рэ мин 316-рэ.

- Апхуэдэуи къыхуеджэныгъэхэр зи лъабжьэ спорт, щэнхабзэ Іуэхухэр къызэгъэпэщыным сом зы мелуанрэ мин 300-рэ хуэхъхунущ. 2017 гъэм и ятемазищым Налшык къалэм и еджакІуэхэмрэ студентхэмрэ хэту терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщІэтыным теухуа зэхуэс 40-рэ спорт зэхьхьэ 50-рэ едгъэкІуэкІащ. Дэ дыщогугъ 2018 гъэм и кІэхэм иритхьэлІэу къалэм и еджэжьныгъэ, щэнхабзэ, спорт Іуэхущ1апІэхэр терроризмэм зэрыщытхъумэну Іэмал псомкІи къызэдгъэпэщауэ щытыну, - жиІащ Алэкъейм.

КІуэкІуэ Юрий жиІащ Налшык республикэм и къалащхьэу щыщытхІэ, абы цІыху нэхъыбэ зэрыщызэхуэсыр къэльытауэ, терроризмэм пэщІэтыныжьмкІэ лэжьыгъэхэр нэхъ щІэгъэхуэфащэхуэ зэрыкІэлъыплъ. Абы комиссэм зэхуэсыр къыхуриджащ Интернетым ис щІалэгъуалэр дэзымыкъэхьапхъэхэм щыхъумэным елэжьыну, я нэІэ трагъэтыну.

ЗэІущІэм къыщыпсэльащ «Аэрокомплекс» ООО-м и генеральнэ унафэщІ **Уэртэн Аслъэн**, КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Къэзанш Людмилэ**, республикэм и щІыпІэльхэм я Іэтащхьэхэр. Комиссэм хэтхэм яубзыхуащ 2017 гъэм гулъытэ хэха зыхуащІыну лэжьыгъэхэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● КъБР-м и Парламентым и комитетхэм

Чэнджэщ щхьэпэхэр къыщащтэ

КъБР-м и Парламентым ХуэныгъэмкІэ, ЖКХ-мрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ и комитетым и зэІущІэ зыубгъуам уасэхэмрэ псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ зыхуэдэр къызэрапщытэ щыкІэр щызэпкърахащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лЫкІуэу республикэм и Парламентымрэ суд органэмрэ щыІэ Дыщэкі Мадинэ.

ЗэХЫхЬэР къыщызэІуихым, комитетым и унафэщІ Гриневич Валерий къыхигъэщащ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм хэлъ гугъуехьхэм дэтхэнэ зыри зэригъэпІейтейр.

- Хэхакіуэхэм ящыщ куэд унафэщІ (управляющэ) компаниехэм хуэарзэшкъым. ПсэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым, абыхэм хуагъаазэ уасэхэм псалъэмакъ къашэ. Ар къэтлъытэу, цІыхухэм хабзэкІэ яІэ хуитныныгъэхэр нэхъ жыджэру тхуэмэну къыптэщІытщ, - къигъэлъэгъуащ абы.

КъБР-м энергетикэмкІэ, тарифхэмрэ псэупІэ кІэлъыплъныгъэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Журавлёв Андрей зэрыжиІамкІэ, Іэнатіэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ уасэхэр зэрызэкІэлъаГакІуэр нэгъабэ 28-рэ я къапщытащ. Хабзэр къызэпызыудахэм къуэдыуэ сом мин 587,6-рэ тралъхьащ, абы щыщу сом мин 364-р республикэ бюджетым хальхьащ, адрейхэри къыІахьыжьи щхьэкІэ, Суд приставхэм я щІыпІалъэ Іуэхущ1апІэм и къудамэхэм зыхуэфащэ тхьилъхэр иратащ.

Электрокъарумрэ хуабэмрэ я уасэхэр зэрызэкІэлъаГакІуэ щыкІэм къэралыр кІэлъоплъ. Къапщтэмэ, хуабэкІэ къызэзыгъэпэщ предприятэхэм щыІэ пащхьэхэр къызэпауду къахутащ. Абыхэм япкъиткІэ, Іэнатіэхэм яхуэгъэзауэ хьэрычэтыщІэхэмрэ уасэхэр зэрызэкІэлъаГакІуэр нэгъабэ 28-рэ къапщытащ. Хабзэр къызэпызыудахэм къуэдыуэ сом мин 587,6-рэ тралъхьащ, абы щыщу сом мин 364-р республикэ бюджетым хальхьащ, адрейхэри къыІахьыжьи щхьэкІэ, Суд приставхэм я щІыпІалъэ Іуэхущ1апІэм и къудамэхэм зыхуэфащэ тхьилъхэр иратащ.

Электрокъарумрэ хуабэмрэ я уасэхэр зэрызэкІэлъаГакІуэ щыкІэм къэралыр кІэлъоплъ. Къапщтэмэ, хуабэкІэ къызэзыгъэпэщ предприятэхэм щыІэ пащхьэхэр къызэпауду къахутащ. Абыхэм япкъиткІэ, Іэнатіэхэм яхуэгъэзауэ хьэрычэтыщІэхэмрэ уасэхэр зэрызэкІэлъаГакІуэр нэгъабэ 28-рэ къапщытащ. Хабзэр къызэпызыудахэм къуэдыуэ сом мин 587,6-рэ тралъхьащ, абы щыщу сом мин 364-р республикэ бюджетым хальхьащ, адрейхэри къыІахьыжьи щхьэкІэ, Суд приставхэм я щІыпІалъэ Іуэхущ1апІэм и къудамэхэм зыхуэфащэ тхьилъхэр иратащ.

КъБР-м и Парламентым Хуэныгъэмкіэ, ЖКХ-мрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ и комитетым и зэІущІэ зыубгъуам уасэхэмрэ псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ зыхуэдэр къызэрапщытэ щыкІэр щызэпкърахащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лЫкІуэу республикэм и Парламентымрэ суд органэмрэ щыІэ Дыщэкі Мадинэ.

ЗэХЫхЬэР къыщызэІуихым, комитетым и унафэщІ Гриневич Валерий къыхигъэщащ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм хэлъ гугъуехьхэм дэтхэнэ зыри зэригъэпІейтейр.

- Хэхакіуэхэм ящыщ куэд унафэщІ (управляющэ) компаниехэм хуэарзэшкъым. ПсэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым, абыхэм хуагъаазэ уасэхэм псалъэмакъ къашэ. Ар къэтлъытэу, цІыхухэм хабзэкІэ яІэ хуитныныгъэхэр нэхъ жыджэру тхуэмэну къыптэщІытщ, - къигъэлъэгъуащ абы.

КъБР-м энергетикэмкІэ, тарифхэмрэ псэупІэ кІэлъыплъныгъэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Журавлёв Андрей зэрыжиІамкІэ, Іэнатіэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ уасэхэр зэрызэкІэлъаГакІуэр нэгъабэ 28-рэ къапщытащ. Хабзэр къызэпызыудахэм къуэдыуэ сом мин 587,6-рэ тралъхьащ, абы щыщу сом мин 364-р республикэ бюджетым хальхьащ, адрейхэри къыІахьыжьи щхьэкІэ, Суд приставхэм я щІыпІалъэ Іуэхущ1апІэм и къудамэхэм зыхуэфащэ тхьилъхэр иратащ.

Электрокъарумрэ хуабэмрэ я уасэхэр зэрызэкІэлъаГакІуэ щыкІэм къэралыр кІэлъоплъ. Къапщтэмэ, хуабэкІэ къызэзыгъэпэщ предприятэхэм щыІэ пащхьэхэр къызэпауду къахутащ. Абыхэм япкъиткІэ, Іэнатіэхэм яхуэгъэзау

Я лэжьыгъэм ироплъэж

● Профсоюзхэр

«КЪБР-м и профсоюз организацхэм я зэгухьэныгъэ» союзым и совет ым и зэIущIэ екIуэкIащ. Абы щриплъэжащ 2016 гъэм я лэжьыгъэм къриклIуахэм, 2017 илъэсым къапэщыт къалэныщIэхэр щаубзыхуащ.

АБЫ ХЭТащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, КЪБР-м Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэныкIэ лъэпкъэхэм я зэгухэмкIэ и управленчым и унафэщI **КIурашын Анзор**, республикэм и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я союзым и президент **Хьэжу Владимир**.

ЗэфIагъэкIахэм, я мурадхэмрэ гулъытэ зыхуэщIыпхъэ къалэн нэхъыщхьэхэмрэ ятеуухуауэ къэпсэлъащ КЪБР-м и профсоюз организацхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Амщокъуэ ФатIимэт*.**

- КъызэдэкIа илъэсыр, зэрыщыту къуэралми хуэдэу, республикэм дежкIи тыншу щытакъым, ауэ, нэхъыщхьэращи, социальнэ-экономикэ зэпIэзэрыныгъэ щыIэныр зэдгъэхъулIэфащ. КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, республикэм лэжьапIщIэ сом 21790-м щыIэсащ, ар лэжьэфыну щIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеинум нэхъри хуэди 2-кIэ нэхъыбI щIэщ. АрщхьэкIэ профсоюзхэр нэхъапэми хуэдэу, егъэпIейтей улахуэм лэжьыгъэм тезыгъэгушхуэ къалэн зэримыгъэзащIэм. Илъэсипщ1 хъуауэ щытыкIэм зихъэжьыкъым, ахъшэшхуэ зыхуагъэува лэжьакIуэхуэ процент 20-м лэжьапIщIэ фондым и зэхуэдитым нэблагъэр яIэрохъэ, - жиIащ профсоюз унафэщым.

ФНПР-м и экспертхэм къызэралъытэмкIэ, улахуэм хэхъуэныр зэтрейыгъэ нобэкIэ ят лэжьапIщIэ нэхъ мащIэр сом 7500-рэ фIэкIа зэрымыхъум. Правительствэм и мурадщ 2017 гъэм и бадзэуэгъуэм щIыхур псэун папщIэ зы мазэм нэхъ мащIэу зыхуеинур сом 7800-м нэс къиIэтыну, ауэ ар лэжьэфыну щIыхур псэун папщIэ зыхуеинум и процент 73-ми нэсырькъым. НэхъапэкIэ къызэраташ, Урысеим щыпсэуэхэм ящыщу щIыху мелуани 4-рэ мин 900-р хуэмышIа дыдэхэщ, IэнатIэ пэрыт пэтми. Профсоюзхэр мы Iуэхум щхьэтечу икIи быдэу бгъэдохъэ - лэжьапIэ Iут щIыхур къулейсызын хуейкъым. 2015 гъэм лэжьапIэншэу ятхахэм я бжыгъэр нэгъаби зэрыщытауэ къэнэжащ - лэжьэфыну псоми я процент 2.

«КЪБР-м и ООП» союзым къызэщIубыдэ республикэ отраслевой комитету 15, профсоюз организацхэм я зэзэгъэуIу къалэ, район советхэу 13, апхуэдэуи къалэ, район комитету 33-рэ, пэщIдзэ профсоюз организацэу 1736-рэ. Пэщ1дзэ профсоюз организацхэм лэжьакIуэ 118553-рэ мы Iуэхум щхьэтечу щIыхур зыгъэгъуэтыжыгъ, абыхэм ящыщу 112252-рэ профсоюзым хэтщ. Республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, IэщIагъэ щIэзрагъэгъуэт еджапIэ курытхэм щеджэ студент 19312-м ящыщу профсоюзым хэтщ, 17359-рэ. «КЪБР-м и профсоюз организацхэм я зэгухьэныгъэ» союзым и учётым щытщ щIыху 129611-рэ, нэгъабэ елъытауэ я бжыгъэр 3402-кIэ нэхъ мащIэщ. 2016 гъэм профсоюзым хьихьащ щIыху 5436-рэ, пэщIдзэ профсоюз организацэу 23-рэ я къызэрагъэпэщащ.

Профсоюзхэм я лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэщ гуащIэрыпсэуэхэм я сэбэп зыхэлъхэр пхыгъэкIыныр. 2016 гъэм щIыху 2152-рэ профсоюзым лъэIу зэхуэмыдэкIэ къэкIуащ. Абыхэм ящыщу 1984-м я Iуэхур хуэзфIахащ. Зыхуей дэфтэрхэр ягъэхъэзырынымкIэ ядэIэпыкIуащ профсоюзым хэтхэу 1303-м. Прокуратурэмрэ лэжьыгъэмкIэ федеральнэ инспекцэмрэ ящыгъуу щIыхухэр лэжьыгъэкIэ къыхэзыгъэпэщхэм я деж щрагъэкIуэкIащ къэпщытэныгъэу 257-рэ икIи абы кърикIуахэмкIэ зыхуэфащэ унафэхэр къащтащ.

«КЪБР-м и профсоюз организацхэм я зэгухьэныгъэ» союзымрэ профсоюзым и республикэ комитетхэмрэ 2016 гъэм Iуэхущ1апIи 117-рэ къапщытати, лэжьыгъэмкIэ законодательствэр 622-рэ къызэпаудауэ къыщIагъэщащ икIи ахэр ягъэзэкIуэжьин папщIэ унафэщIхэм тхьилъхэр хуагъэхьащ.

Амщокъуэ ФатIимэт къызэрыхигъэщащи, профсоюз зэщIэхъеенныгъэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ лэжьакIуэщIэхэр зыхашэныр. Профсоюз зэгухьэныгъэм хэтхэм я процент 43-р щIалэгъуалэщ (илъэс 35-м нэс). Зи щIалэгъуэхэу 559-р пэщIдзэ организацэхэм, щIыху 16-р - цех комитетхэм, 367-р - профсоюз гупхэм я унафэщIщ. КЪБР-м и профсоюзхэм щIалэгъуалэу хэтым я бжыгъэр, къэралыр псом елъытауэ 30-кIэ нэхъыбI щ.

ЗэIущIэм къыщыпсэупсэлъахэщ «Урысейпсо электропрофсоюз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыщIалъэ къудамэм - профсоюзым и рескомым и IэтащIхьэ **Алэкъэй Борис**, Май къалэм и сымаджэщ нэхъыщIхьэм и профсоюз комитетым и унафэщI **Скориковэ Еленэ**, профсоюзхэм я республикэ комитетым и техническэ инспектор нэхъыщIхьэ **ЕкIэщIауэ Асльэн** сымэ.

- Дызэдэлажьэным теухуа зэгурыIуэныгъэ ятеуэ зэтщIылIахэм ящыщу КЪБР-м и профсоюз организацхэм я зэгухьэныгъэр. Абы Iэмал къыдет социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр зыубзыху законхэм я зы проекти Парламентым къимыщтэну, профсоюзхэр абы зэрелпъыр зэдмыгъэщIауэ,- жиIащ Жанатаев Сэлим.

Хьэжу Владимир тепсэлъыхьащ Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я союзым и лэжьыгъэм, профсоюз организацхэм зэрадэлажьэм.

ЗэIущIэр Iуэху гуапэкIэ ихащ. КЪБР-м и профсоюз организацхэм я зэгухьэныгъэм и ЩIыхь тхьилъхэр иратащ профсоюз лэжьыгъэм жыдэжру хэтхэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.
Сурэтыр **Холлаевэ Любэ** *трихащ.*

УФ-м и цIыхубз артист, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоние оркестым и дирижёр нэхъыщхьэ икIи и художественнэ унафэщI, композитор щIэныIуэ, КЪБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьамадэ, республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт Темыркъан Борис Хьэту и къуэр нобэ илъэс 80 ирокъу.

ТЕМЫРКЪАН Борис Къэбэрдей-Балъкъэрым хьихьэ Зорэгъыж къуэдзэм 1937 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м къыщалъхуащ. Я унагъуэр Налшык къэIэпхъуа нэужь Темыркъан зэкъуэшхэу Борисрэ Юрэрэ кIуэрей хъуащ Къэбэрдей уэрамым тет сабий гъэсапIэм пэмыжьыжьу макъамэ Iэмэпсымэхэм щеуэ духовой оркестру макъамэм я дезыгъэхъэжа репетицэхэмрэ концертхэмрэ. Макъамэм дихьэха щIалитIым гу ялъэзыта, Музыкэ школым и егъэджакIуэ икIи абы и оркестрым хэт Дашков Валерэ и фIыгъэкIэ, Борисрэ Юрэрэ Налшык и Музыкэ школ №1-м 1946 гъэм щIэтIысхьащ. Лобач-Жученко Николай и деж Борис виолончелым зыщыхуиГъэсащ. Юрэ скрипкэм хуезыгъэджар Дашков Валерэщ.

КЪБР-м и кIэралыгъэр зэрызэфIэувэрэр илъэс 30 щIикIуэм ирихьэлIэу, 1951 гъэм фокIадэм и 1-м, республикэм щекIуэкIа концертым япэу зэгъусэу зыкъыщагъэлъэгъуащ Темыркъан зэкъуэщхэмрэ фортепианэ еуэ Бареоковэ Еленэрэ. Шейблер Трувор къигъэщIэрэщIэжа «Нэкъуэлэн» макъамэ пьесэр абыхэм угъурлыуэ утыку кърахьауэ къыщIэкIащ.

Музыкэ школыр къиуха нэужь, Борис и щIэныгъэм щыпищащ Орджоникидзе (иджы Владикавказ) къалэм. Иужьрейм Саратов консерваторэм щеджащ. Юрэ и щIэныгъэм Ленинград къалэм (иджы Санкт-Петербург) щыхигъэхъуащ.

Консерваторэр къиуахыу Налшык къигъэзэжа нэужь, Темыркъан Борис щIыналъэм и оркестрым хэту виолончель еуэу щIидзащ. А зэманым абы дирижёр Iэщ1агъэми зыхуигъэсащ. 70 гъэхэм икуэзм Борис Ленинград къалэм оперэмрэ балетымкIэ и театрым зы ильэскIэ дирижёр-стажёру щыIащ. Абы щагъэува спектакль зыбжанэм оркестрхэр щелэжьым дирижёру щытар аращ. Апхуэдэжщ Адан Адольф Шарль и «Жизель», Шостакович Дмитрий и «Барышня и хулиган» балетхэр, Глюк и «Ифигения» оперэр. Иужьрейм Борис дзыхь къыхуащIащ американ композитор Миттчелли и «Человек из Ламанчи» мюзиклыр. Куэд и уасэт дирижёр щIалэм я лэжьыгъэр къызэрыхуагъэфащэр. И стажировкэр и кIэм щынэблагъэм, Ленинград оперэмрэ балетымкIэ и Театр цIыкIум дирижёру щылажьэны хуэхуагъэлъэгъуащ.

Борис Налшык къигъэзэжа нэужь Музыкэ театрым щигъэуващ Верди Джузеппе и «Травиата», Кальман Имре и «Сильва» опереттэхэр, Штраус Иоганн и «Летучая мышь», Асафьев Борис и «Бахчисарайский фонтан» балетыр, нэгъуэщIхэри.

Иужьрейм абы щIыналъэм и симфоние оркестыр игъэлажьэу щIидзащ. Темыркъаныи я ятеуэ зэгурыIуэныгъэр 1975 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м ита концертым утыкум щIэтыгъуащ. Абы щигъэзэщIащ Чайковский Пётр и 5-нэ симфониер, Рахманинов Сергей фортепианэм папщIэ итха 2-нэ концертыр. Уэрэджьыкlуэр пианистхэ цIэрыIуэ Махмудовэ Тамилэт. Концертым кърихьэлIахэм лэжьыгъэхэр щIэщыгъуэ ящыхьуащ.

Темыркъан Борис и симфоние концертхэм хэтт скрипкэм Iэзэ дыдэу еуэ Школьниковэ Нелли. КъищIынымэщIауэ, ар Урысейм и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм, Армением, Украинэм, нэгъуэщI республикэхэм я симфоние оркестрхэм я концертхэм ирагъэблагъэурэ ядэлэжьащ. Псом хуэмыдэу Новгород Ищхъэрэ къалэм и симфоние оркестрым и гъусэу игъэзэщIа, Скандинавие къэралхэм я композиторхэм я лэжьыгъэхэр а къалэм и щэнхабзэ гъащIэм щыщ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу къалыятащ. А концертым хэтащ Европэм и пианист нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ Керер Рудольф. Дирижёрыр дунейпсо макъамэмэ и классик Сибелиус Ян и япэ симфониер зэригъэзэщIар хуабжьу къехъулIауэ къалъытащ.

Дирижёр, композитор Iэзэ Темыркъан Борис и репертуарым хэтщ Европэ, урыс классикхэм, иджырей композиторхэм я IэдакъэщIэкI куэд. Темыркъаныи Бетховенымрэ Шостаковичымрэ я симфоние псори егъэзащIэ. НэхъыфIу илъагъу лэжьыгъэхэм ящыщщ Прокофьев Сергей и 1-нэ, 5-нэ, 7-нэ симфониехэр. Борис и фIыгъэкIэ Налшык япэу щIэзэхахащ дунейпсо макъамэм и курыкъуу къальытэхэм ящыщ Верди Джузеппе и «Реквием», Моцарт Вольфганг и «Реквием» лэжьыгъэхэр.

Темыркъан Борис и концертхэм щигъэзэщIащ ди композитор цIэрыIуэхэу Балэ Мухьэдин, Кьардэн Хьэсэн, Хьэлупэ Джабрэил, Къззан Аслъэнджэрий, Молэ Владимир, Даур Аслъэн сымэ, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэ купщIафIэхэр. Темыркъан Борис зи унафэщI оркестрым и концертхэр куэдым гунэс ящихьу, дзрэжкэгъуэ къарет. Къэбэрдей-Балъкъэрым и композиторхэм я лэжьыгъэхэр зыхэт программэ абы зыбжанэрэ Черкесск, Мейкъуапэ, Карачаевск, Мэхъачкъалэ, Минводы къалэхэм щигъэлъэгъуащ. Апхуэдэу ди композиторхэм я лэжьыгъэхэр абы утыку къыщрихьащ Москва и «Урысей», Композиторхэм я зэгухьэныгъэм, Чайковский Пётр и цIэр зезыхьэ концерт пэшхэм.

Лъэпкъ макъамэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуиущIащ унафэщI, къызэгъэпэщакIуэ Iэкlуэльакlуэ Темыркъан Борис. Абы и унафэм щIэт симфоние оркестрым хэтхэм адыгэ пшынэкIэ ягъэззэщIэну япэ лэжьыгъэхэр зэхилъхьащ абы. ЗэфIэкI зиIэ композиторым и лэжьыгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэупщIэшхуэ щаIэщ. Абы ихта макъамэхэр музыкэ еджапIэхэм, республикэм щекIуэкI концертмэм щагъэзащIэ. Иужьрей илъэсхэм Темыркъаныи и унафэм щIэту Кавказ Ищхъэрэм и макъамэ фестиваль зыбжанэ екIуэкIащ. А щэнхабзэ зэхьыхьэхэм Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я композиторхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэ 40-м щIигъу и оркестрым щигъэзэщIащ.

Макъамэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэр къалъытэри, Темыркъан Борис КЪБР-м и Къэрал саугъэтыр, «Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэ» орденыр абы хуагъэфэщащ.

Ди гуапэщ Темыркъан Борис дирижёр гъуэзджэм щIиэ зэфIэкIыр дяпэкIи мыкIуэщIыну, республикэм исхэр и лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ игъэгуфIэну, узыншагъэ, екъуIэныгъэ, дэрэжэгъуэ иIэну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Темыркъан зэкъуэшхуэу Борис, Владимир, Юрэ сымэ.

● ДифI догъэлъапIэ

ЦIыхубз артист

● Мэлыжьыхьым и 7-р Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ

Къалэн нэхъыщхьэр

1950 гъэм щегъэжьауэ Узыншагъэм и дунейпсо махуэр мэлыжьыхьым и 7-м ягъэлъапIэ. Апхуэдэ махуэ щIыхахам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр я узыншагъэм гулъытэшхуэ хуащIын зэрыхуейр цIыхухэм ягурыгъэIуэнырщ, ар егъэфIакIуэныжькIэ зэфIэхьыпхъэхэр убзыхунырщ.

УЗЫНШАГЪЭР хьэмэныжькIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (ВОЗ) и жэрдэмкIэ а махуэр цIыхухэр зыгъэгумэщI Iуэхугъэшхуэхэм трауху хабзэщ икIи къыхуеджэныгъэ щхьэхухэхэм щIэту йокIуэкI. Апхуэдэхэщ, псальэм папщIэ, «Лъы зыгъэкI сымаджэ хуэдым ядоIэпыкIуу», «Жыджэрагъыр гъащIэ кIыхьым и лъабжьэщ», «ЩIыуэпсым къыщыхъу зэхъуэкIныныгъэ мыщхьэпэхэм узыншагъэр ящыхъумэн», «Лъы дэуейм узэрипэщIэтыпнур», «Гъдэбадзэ лIэужьыгъуэхэм кърахьэкI узыфэ зэрыщIалэхэр», «Ерысыкъпэхьэхэм я шынагъэуэнщагъэр», «Фошыгъу узым дытекIуэнущI!», нэгъуэщIхэри.

Мы гъэм а махуэр хуагъэпсащ цIыхум зыми гукъыдэж хуимыIэжу, и Iэпкълъэпкъыр щIэхуу щытыкIэ хьэлъэм къыщихутэ къызэрыхъум. Абы и «хъым ихуэхэр» ныбжьыкIи къуелягъэ-тхьэмыщкIагъэкIи зэхидзыркъым. Псори зэхуэдэу иубыдырынущ а узым. ЦIыхум лажьэшхуэ иIэу къыпхуэмыщIэу и гуащIэр щIэзых узыфэщ ар. Абы цIыхум и психикэр зытрехури, гъащIэм хуиIэ еплъыкIэм зрегъэхъуэж. А узыфэм иубыда цIыхур апхуэдизкIэ щхьэжагъуэ зыхуэмыдэ, зыри кьыфIэмыIуэхужу, уеблэмэ къызэригуэкI Iуэхуэр хуэмыгъэзэщIэжу, къэзыхъуэрелъ цIыхухэм яхэмызэгъэжу мэхъу. Къапщтэмэ, а узыфэ шынагъуэр «зытекIуахэм» зыщагъкIыж куэдрэ кьохъу. Апхуэдэ щытыкIэм цIыхур къыпхуишынущ и чэзум ар къыпхуэхутэмэ. А Iуэхум гулъытэ нэхъыбэ хуэщIын зэрыхуейщ ар къыщIыхалъхьари.

Мы гъэм а махуэр хуагъэпсащ цIыхум зыми гукъыдэж хуимыIэжу, и Iэпкълъэпкъыр щIэхуу щытыкIэ хьэлъэм къыщихутэ къызэрыхъум. Абы и «хъым ихуэхэр» ныбжьыкIи къуелягъэ-тхьэмыщкIагъэкIи зэхидзыркъым. Псори зэхуэдэу иубыдырынущ а узым. ЦIыхум лажьэшхуэ иIэу къыпхуэмыщIэу и гуащIэр щIэзых узыфэщ ар. Абы цIыхум и психикэр зытрехури, гъащIэм хуиIэ еплъыкIэм зрегъэхъуэж. А узыфэм иубыда цIыхур апхуэдизкIэ щхьэжагъуэ зыхуэмыдэ, зыри кьыфIэмыIуэхужу, уеблэмэ къызэригуэкI Iуэхуэр хуэмыгъэзэщIэжу, къэзыхъуэрелъ цIыхухэм яхэмызэгъэжу мэхъу. Къапщтэмэ, а узыфэ шынагъуэр «зытекIуахэм» зыщагъкIыж куэдрэ кьохъу. Апхуэдэ щытыкIэм цIыхур къыпхуишынущ и чэзум ар къыпхуэхутэмэ. А Iуэхум гулъытэ нэхъыбэ хуэщIын зэрыхуейщ ар къыщIыхалъхьари.

Республикэм узыншагъэр хьэмэныжькIэ и IэнатIэм иужьрей илъэсхэм зыужьыныгъэфIэхэр щокIуэкI. Жыджэру къагъэсэбэп медицинэм щIэуэ къыхьихьэ Iэмалхэр, ухуэныгъэщIэхэр ящI, сымаджэщхэр зыхуей хуэзауэ зэрагъэпэщащ, къудамэщIэхэр кьызэIуах. Къапщтэмэ, республикэм и щIыналъэхэр ирикъуу къызэгъэпэщащ фельдшер-акушер пунктхэмкIэ, амбулаторэхэмкIэ, ГЪЭпсыкIуэгъэ псынщIэ» Iуэхущ1апIэм зыхуэныкъуэ медицинэ автотранспортхэр къыIэрыхьащ, Лъынтхэу узыфэхэм еIэзэнымкIэ, гъэзу-транспорт къэхъукъащIэхэмкIэ федеральнэ программэхэр екъуIэныгъэ яIэу ягъэзэщIащ.

IэнатIэр зыужьыныгъэм и гъэзугъ зэрытетым и щыхьэтщ фIагъ льаГэ зиIэ технологиехэр кьагъэсэбэпурэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуэхущ1апIилIым зэрыщыхуащIэр. Апхуэдэхэщ Республикэ клиникэ сымаджэщыр, Кардиоцентрыр, Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №2-р, Нарткъалэ дэт унэтIныныгъэ зыбжанэ зиIэ районхэм эздай сымаджэщыр.

УнэтIныныгъэр зэрефIакIуэр зыдэлъагъупхъэр, шэч хэмылъу, IэнатIэм пэрыт дохутырхэрщ. ЗэфIэкI льагэ зиIэ IэщIагъэлIэхэр ди машIэхьым. КЪБР-м Узынышагъэр хуэмэныкIэ и министерствэм абыхэм я зэфIэкIым зеГъэжьыным гулъытэ сытым дежи хуещI. БлэкIа илъэсым дохутыр 367-м, курыт медицинэ лэжьакIуэ 371-м я Iэзэгъэм хагъэхъуащ. ЩIэх-щIэхьыурэ къызэрагъэпэщ къалэшхуэхэм щыIэ клиникэхэм, институтхэм я IэщIагъэлIэхэр, щIэныгъэлIэхэр зыхэт семинархэр, конференцэхэр.

«Да ди къалэн нэхъыщхьэр сымаджэхэр арэзы тщIыуэ зыхуейр яхуэтщIэныр», - щыжиIащ медицинэм и лэжьакIуэхэм я зи чэзу зэхьыхьэм КЪБР-м узыншагъэр хуэмэныкIэ и министр Расторгуевэ Светланэ. Абы и лъэныкъуэкIэ мы илъэсым зыхуагъэувыжа Iуэхугъуэ пыухыкIахэм ящыщщ IэнатIэм и пэублэ Iуэхущ1апIэхэм цIыхухэм щыхуащIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр егъэфIэкIуэныр, сабийхэмрэ анэхэмрэ яхуагъэза медицинэ Iуэхугъэхьэзэхэм хэгъэхъуэныр, технологие пылагъэр зи лъабжьэ Iэзэкlэ Iэмалхэр IэнатIэм къыщыгъэсэбэпыныр, IэщIагъэлIэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэныр, социальнэ мыхьэнэ зиIэ узыфэхэр и чэзум къэхутэныр, нэгъуэщIхэри.

ЩХЬЭЩэмыщI Иэз.

● КЪБР-м и прокуратурэм

Хабзэм тетын зэрыхуейр гурагъаIуэ

Бахьсэн къалэм и еджапIэхэм лэжьыгъэмкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэр щIыпIэ прокуратурэм къипщытащ.

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, лэжьыгъэм пыща хабзэхэри хэту, федеральнэ законодательствэм игъуэт зэхъуэкIныныгъэхэр зыхуэдэм яныкъуэ Iуэхущ1апIэхэр кIэлъыплъыркъым. Ахэр къыщалъытэр Бахьсэн къалэ округым егъэджэныгъэмкIэ и департаментым апхуэдэ унафэ къыбгъэдэкIа нэужьщ.

Абы щыгъуэми, Урысей Федерацэм Лэжьыгъэм и кодексымкIэ улахуэр щат пIалъэхэр яхьэжащ. «Улахуэр зэрат щыкIэм теухуа зыпызыуд унафащIхэм яхь жэуапым хэгъахъуэным хуэунэтIауэ Урысей Федерацэм и хабзэгъэуав акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIныныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ кIэ» 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м кьащта Федеральнэ закон «272-ФЗ-мкIэ УФ-м Лэжьыгъэмкlэ и кодексым и 136-нэ статьям дыщIагъужаэм кьару ягъэуташ, Абыхэм ялъэ иткIэ, кьыкIэлъыкIуэ мазэм и 15-м фIэмыкIыу улахуэр ят.

Бахьсэн къалэ прокуратурэм еджапIэ 16-м я унафащIхэм ягурагъаIуащ улахуэр зэрат хабзэм тетын зэрыхуейр, ар зымыгъэзащIэхэм УФ-м и КоАП-м и 5.27-нэ статьямкIэ жэуап зэрахьыр, апхуэдэу зэкIэлъыкIуэу мазитIым щIигъэкIа лэжьапщIэр зыгъэгубзэхэм яхуэгъэзауэ уголовнэ Iуэху къызэрызэIуахыр.

КЪБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къэбэрдейм и пщы уэлий Мысост ХьэтIэхъущыкъуэ

(? - 1721)

XVII лэщIыгъуэм и 70 - 80 гъэхэм Къэбэрдейм и пщы уэлийуэ щыта Къазий и къуэщ. ХьэтIэхъущыкъуэ Кургъокъуэ дунейм ехьжа нэужь, пщы уэлийуэ хахащ. Ар щытета зэманым Урысейм зэгурыIуэныгъэ иращылIат (1711 гъэм), Кърым хьаныдзэ мин 15 хъур Псыжь деж щызэтракъутат.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 6 - 28-хэм цIыхухэм зэрахуэзэнур

Махуэр	Зэманыр	ЦIыхухэм яхуэзэнур	Телефонхэр:
Мэлыжьыхьым и 6-м	10:00-13:00 14:00-17:00	Рудь Анастасие Владимир и пхъур Скакунов Виктор Николай и къуэр	77-28-44 77-28-44
Мэлыжьыхьым и 7-м	10:00-13:00 14:00-17:00	Темыркъан Борис Хьэту и къуэр Тхьэзэплъыж Мурат Тlулэ и къуэр	77-27-46 77-28-44
Мэлыжьыхьым и 10-м	10:00-13:00 14:00-17:00	Уянаев Борис Биязыч и къуэр Хьэжы Руслан Мухьэмэд и къуэр	77-45-43 77-28-44
Мэлыжьыхьым и 11-м	10.00:13:00 10 :00-13:00	ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэр Хьэзкlуэн Мурат Хьэзрэталий и къуэр	77-27-46 77-28-44
Мэлыжьыхьым и 12-м	10:00-13:00 14:00-17:00	Хутуевэ Светланэ Хьэнэфий и пхъур Целоусовэ Анусэ Азэмэт и пхъур	77-27-46 77-45-43
Мэлыжьыхьым и 13-м	10:00-13:00 14:00-17:00	Шабаев Леви Меир и къуэр Дадашев Агабаба Айдыноглы	77-68-23 77-27-46
Мэлыжьыхьым и 14-м	10:00-13:00 14:00-17:00	Щэрдан Нодар Абу и къуэр Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд Хьэбас и къуэр	77-27-46 77-27-46
Мэлыжьыхьым и 17-м	10:00-13:00 14:00-17:00	Энеев Махмут Уэеир и къуэр Ету Залинэ Хьэмидий и пхъур	77-68-23 77-28-44
Мэлыжьыхьым и 18-м	10:00-13.00 10.00-13.00	Абшаев Магомет Тlэхьир и къуэр Атмурзаев Магомед Мэжид и къуэр	77-28-44 77-27-46
Мэлыжьыхьым и 19-м	10.00-13.00 10.00-13.00	Ашэбокъуэ Дамирэ Арсен и пхъур Бажэ Дотий Мустэфа и къуэр	77-27-46 77-27-46
Мэлыжьыхьым и 20-м	10:00-13:00 14:00-17:00	Беловэ Наталье Сергей и пхъур Беппаев Суфян Уэеир и къуэр	77-27-46 77-68-23
Мэлыжьыхьым и 21-м	10:00-13:00 14:00-17:00	Бобылёв Валентин Николай и къуэр Бликановэ Валентинэ Василий и пхъур	77-68-23 77-45-43
Мэлыжьыхьым и 24-м	10:00-13:00 14:00-17:00	Болэт Арсен Хьэбыж и къуэр Вэрокъуэ Владимир Хьалид и къуэр	77-68-23 77-27-46
Мэлыжьыхьым и 25-м	10:00-13:00 14:00-17:00	Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрэт и къуэр Щауей Артур Нажмудин и къуэр	77-68-23 77-27-46
Мэлыжьыхьым и 26-м	10:00-13:00 14:00-17:00	Дзасэжь Хьэзрэталий Уэлий и къуэр Жаным Руслан Мухьэмэд и къуэр	77-68-23 77-27-46
Мэлыжьыхьым и 27-м	10:00-13:00 14:00-17:00	Зумакулов Асхат Мустэфа и къуэр Иуан Пётр Мацэ и къуэр	77-28-44 77-28-44
Мэлыжьыхьым и 28-м	10:00-13:00 14:00-17:00	Къалмыкъ Жылэбий Адэлбий и къуэр Канунников Анатолий Данил и къуэр	77-45-43 77-45-43

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэхэр цIыхухэм яхуэзэ: **Федченко Л. М.** - гъубж къэс сыхьэт 14.00 - 16.00-хэм (телефоныр: 72-07-80);
Аттаев Ж. Ж. - махуэку къэс сыхьэт 14.00 - 16.00-хэм.

Экономикэ Политикэ

Махэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

ЩІыхуэр къабжыжынущ

● Зэпэщіэтныгъэ

Урысеймрэ Белоруссиемрэ зэгурыІуэныгъэ зэращІылІащ Минск телъ щІыхуэм щыщу доллар мелуан 750 - 800 хуэдиз хуагъэгъуным теухуауэ. АбыкІэ и цІыхубэм хъыбар яригъэщІащ Белоруссием и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэ Матюшевский Василий.

«ДЭ зи гугъу тщІыр мы илъэсым тпшыныжьын хуей къэрал щІыхуэрщ. Ар доллар мелуан 800-м ноблагъэ - щІыхуащхьэмрэ абы мы илъэсым къриубыдэу техьэ процентхэмрэ», - жиІащ къулыкъущІэм.

Псалъэмакъым къызэрыхэщамкІэ, абы теухуа зэгурыІуэныгъэр къащтащ икІи ар гъэзэщІа зэрыхъунум и Іуэху зэрахуэ.

Нэхъапэ Іуэхі, мэлыжьыхьым и 3-м, Урысеймрэ Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэ Дворкович Аркадий жиІащ газ уасэр Минск Мэзкуу къызэрыритыжынур. Абы къызэригъэлъэгъуамкІэ, щІыхуэр доллар мелуан 726-рэ мэхъу.

А махуэ дыдэм Урысеймрэ Президент Путин Владимиррэ Белоруссием и Іэтащхьэ Лукашенкэ Александррэ щІыдагъэ-газ зэгурыІуащ.

2016 гъэм щІыдагъэм теухауэ Урысеймрэ Белоруссиемрэ я зэхуаку зэныкъэкъу къыдэхъуауэ щытащ. Мэзкуу зэрыщыгугъамкІэ, 2016 - 2024 гъэхэм кІриубыдэу Белоруссием хуиутІыпщыну и мурадащ илъэсым хуэзэу щІыдагъэ тонн мелуан 24-рэ, арщхьэкІэ нэгьабэ и ещанэ кварталым ар тонн мелуани 2,25-кІэ ягъэмэщІащ. Абы и щхьэусыгъуэу Минэнергом къигъэлъэгъуащ нэхъапэІуэкІэ яхуиутІыпща газым и уасэр нэсу къызэрырамытыжар. Лукашенкэ тригъэчыныхьырт, щІыдагъэм и уасэр зэрехам къыхэкІыу, газым и уасэри ягъэмэщІэну хуитынагъэ иІэу. Ди къэралым къызэрыщагъэлъэгъуамкІэ, 2011 - 2015 гъэхэм пошлинэ темыльу гъунэгъу республикэм щІыдагъэ зэрыхуиутІыпщам и зэранкІэ доллар мелард 22,3-рэ фІэкІуэдащ.

«ТАСС» хъыбарегъащІэ Іэнатіэ.

● Къэрэшей-Шэрджэс

Кавказым щыпсэухэм я зэфІэкІыр Европэм щагъэлъагъуэ

Европэм и Советым и ЩІыпІэ, щыналъэ унафэщІхэм я конгрессым и зэІущІэу Франджым щызэхэтар траухуащ Къэрэшей-Шэрджэсыр илъэс 25-рэ зэрырикъум. Республикэм и лІыкІуэхэм я пашэу щытащ абы и Іэтащхьэ Темрезов Рашид.

ВИДЕОПРЕЗЕНТАЦЭМ абы къыщигъэлъэгъуащ щыналъэм и социально-экономикэ, тхыдэ-щэнхабзэ щытыкІэр, республикэм и щІыпІэ дахэхэу къэралым и щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІ хьэщІэхэр дэзыхьэххэр. Конгрессым хэтхэм хуабжьу гъэщІэгъуэн ящыхуащ Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкІэ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал колледжым щагъэхьэзыра, декоративно-прикладной творчествэм дихьэх Іэпщ1эльапщІэхэм я Іэдакъэщ1экІхэр, республикэм и творческэ гупхэмрэ артист щхьэхуэхэмрэ ягъэзэщІа къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ.

Зэхыхьэм хэтахэм гукъинэж ящыхуащ лъэпкъ щхыныгъуэхэр. Ялъ махуэм гукъыдж зиІэ псоми яІухуащ бгыхэм къыщыкІ удэхэм къыщІэвыкІа шей зэмылІэужьыгъуэхэр, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу лъэпкъхэм я шхыныгъуэхэр.

Молдавием и лІыкІуэ Поличинский Григорий зэхьихьэм къызэрыщыхигъэщамкІэ, «мыпхуэдэ Іуэхугъуэхэм лъэпкъхэм я зэпыщІэныгъэхэр егъэбыдэ, лъэпкъ хабзэхэр нэхъ хъума мэхъу». «Мы махуэхэм екІуэкІа зэІущІэ зэхэублэкІэхэм хуэдэхэм я фІыгъэкІэ, Европэм Урысейм, адрей къэралхэм ятеухуауэ нэхъыбэ къещІэ. Ар ГъуэзэджэщІ, дэ нобэ ди нэгу щІэкІащ теплъэгъуэ дахэ», - жиІащ абы. Презентацэм и гугъу пщІымэ, кІулыкъущІэм игу нэхъ къинжащ Къэрэшей-Шэрджэсым и артистхэм я зыкъэгъэльэгъуэныгъэр, шхыныгъуэхэр, щыналъэм и турист унэтІныныгъэм теухуа хъыбархэр.

Сербиеи и лІыкІуэ Давидович Урсэ зыкъыумысыжащ нэхъапэм Къэрэшей-Шэрджэсым теухуауэ зыри зэрызэхимыхар. Ауэ презентацэ нэужьым абы и нэгу къыщІэуващ бгыльэ щІыпІэ дахэхэр зиІэ, цІыху гуапэхэр щыпсэу, шхыныгъуэ Іэфірэ хабзэфІхэмрэ щызекІуэ республикэр. «Си урысей ныбжьэгъухэм я гъусэу дэ дытепсэлъыхьащ Къэрэшей-Шэрджэсым лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэд, зы гуп зэкъуэт хуэдэу, зэрыщыпсэуми. Си дежкІи Сербием къикІа гупым и дежкІи ди гуапэщ фи Іуэрыіуатэм, фи Іэдакъэщ1экІхэм нэхъ гъунэгъу зыщыдыгъэгъуэзэну», - къыхигъэщащ Давидович Урсэ.

Форумым щыІа, Тэтэрстаным и Парламентым и Унафэщі Мухаметшин Фарид Къэрэшей-Шэрджэсым и презентацэр Страсбург зэрыщигъэлъэгъуам, илъэхъэгъуэми хуэдэу, арэзы техьауэ: «Зэ1ущІэм хэта къэрал 47-р зэбгрокІыж Урысейм мыпхуэдэ щІыпІэ дахэ зэрыщыІэр къащІауэ. Дэ ди нэгу щІэкІащ щыналъэ гъэщІэгъуэным ехьэлІа презентацэ гукъинэжьыр. Экологие, бгыхэм, туризмэм теухуауэ абы хуэбгъадэ хъун щыІэу дыщыгъуазэкъым».

Къэрэшей-Шэрджэсым и махуэхэу Страсбург щекІуэкІахэм хэта Конгрессым и лэжьакІуэхэр зэакъылэгъущ презентацэм и фІыгъэкІэ КъШР-м теухуауэ куэд къызэращІамкІэ.

ДМИТРИЕВЭ Ольгэ.
«Московский комсомолец»

Илъэси 150-рэ ипэкІэ Вашингтон Іэ щытрадза-уэ щытащ Урысеймрэ и Аляскэр Америкэм и Штат Зэгуэтхэм зэращэхумкІэ зэгурыІуэныгъэм. Гуфіэгъуэ щІыкІэу щІыр зэІэпахащ илъэс ныкъуэ блэкІа нэужь - 1867 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м. Илъэс 20 дэкІри, Юконым къыщагъуэтащ щІым щІэлъ дыщэхэр. XX лІэщІыгъуэм абы щІыдагъэ къыщахутащ, уеблэмэ Къухьэпіэ Сыбырымрэ Хьэрып хытІыгуныкъуэмрэ щызэхуэхьэсам хуэдиз хъууэ. А псоми къриКІуащ «урыс Америкэр» зэращэжар захуагъэу щытащІымытам теухуа псалъэмакъхэр.

КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩІИ, а лъэхъэнэм, XIX лІэщІыгъуэм икуэм, Урысей империем къарушхуэ тригъэкІуэдащ Аляскэр Америкэм и Штат Зэгуэтхэм Іэмал имыІэу ищхуну къытригъэхьэным, апхуэдэ щІыкІэкІи Британием кърищІыпІэнкІэ хъуну зауэр хъэмыгъэхъеиным.

Зэгурыіуэныгъэм и уасэр

США-м ирата щІыр километр зэбгъуэзэнатІэ зы мелуанрэ ныкъуэрэ хъурт. Абы хуэзэу Штат Зэгуэтхэм Урысей империем къратащ доллар мелуани 7,2-рэ - зы километр зэбгъуэзэнатІэм хуэзэу доллари 4,73-рэ.

Зэгурыіуэныгъэр зэращІылІа нэужь, урысей лІыкІуэм къратащ банкым и чек, къагъэлъэгъуа бжьгъэр иту, Іэ зытредза дэфтэрым щІым и уасэр дыщэкІэ къратын хуейуэ къыщигъэлъэгъуауэ щытами. Иужьк1э Аляскэр къытрахыжьыным и телъхьэхэм тегъэщІапІэ ящІащ зэгурыІуэныгъэм итыр къызэпыуда зэрыхъуар. АрщхьэкІэ, щэн-къэщэхуным Іэ щытрадзам абы псори арэзы техъуауэ щытащ.

Аляскэм и закъуэкъым США-м и правительствэм щІыуэ хъищэхуар: а Іуэхугъуэм ипэ илъэс зыбжанэкІэ кІихуэу Франджым Америкэм ирищащ Луизианэм щІэ щІы Іыхьэхэр.

ЩІыщІэ къэмыІэтам икІи нэхъ щІыкІум хуэзэу Урысей правительствэм къыІэрыхьа уасэр куэдкІэ нэхъ мащІэтэкъым Франджым Луизианэм щхьэкІэ къыІэрыхьам нэхъыр.

Зэдгъэпщэнщи, а лъэхъэнэм Нью-Йорк и мэрием къищэхуауэ щытащ судым и унэр. Къалэкум ит, къатищу зэтет а унэм щІитащ правительствэм Аляскэ псом тригъэкІуэда уасэм нэхърэ нэхъыбэ.

И къежьапІэр

1857 гъэм император Александр ЕтІуанэм и къуэш, пащтыхьыкІуэ Константин щІыр щэным теуха Іуэхур къыхилъхьащ. Абы тхыгъэ хуигъахьауэ щытащ нэгъэзщІ къэрал Іэхуэхэмкіэ министр Горчаков Александр, иужьрейм ар императорым иригъэлъэгъуащ. Константин тхыгъэм къыщиха щхьэусыгъуэхэр зыхуэкІуэр зыт: Аляскэр Урысейм и кум пэжыжьІуэщ, зэныкъэкъуныгъэ къэхъуамэ, абы и хъумэныр гугъу хъунущ, щІыщІэхэр къэІэтынми мылъкушхуэ текІуэдэнущ. А псом къыдэкІуэу 1856 гъэм ияха Кърым зауэм и ужькІэ къэралым ахъшэ иІэтэкъым, зэхъуэкІныныгъэхэр щегъэкІуэкІын хуейт, щІыр ящэмэ, абы хэхъуэ къьхуихьынут икІи США-м хуаІэ пыщІэныгъэхэр иригъэфІэкІуэнут.

Урысей хызэкІуэхэм къызэІуа, урысей-американ сатуущ компаием Іэщ1эльа Аляскэм XIX лІэщІыгъуэм икуэм дыщэ къыщагъуэтат. Арщхьэкіэ а къэхутэныгъэм империер къулей ищІынкІэ хъунум и мызакъуэу, къэралым и ныкъуэкъуэгъуэхэм нэ зращІын щІы кІапІэ хъунут. Псом нэхъапэу ар къиубыдыну хущІэкъунут абы къыбгъэдэлъ Канадэм ищІхэр зыІэщІэлъ Инджылыз империем. Кърым зауэр щекІуэкІым Петропавловск-Камчатскэм инджылызхэм десант къыщІагъэтІысэхыну хэтащ, Лъэныкъуитіыр зэпэщІэувэныр жыжьэхтэкъым. Иуха къудей зауэм кърикІуам къызэригъэлъэгъуамкІэ, зауэщІэм империер хуэхьэзырт экъым.

Арагъэнущ Александр ЕтІуанэм и къуэшым и тхыгъэм «егупсысын хуейщ» жиІэу щІытритхар. ЗэгурыІуэныгъэм «егупсысыхькІэ» Америкэм и Штат Зэгуэтхэм граждан зауэ къыщыхъеящ. ЩІыр щэныр аргуэру ягъэІэпэхъуэн хуей хъуащ.

Ягъэкіуэда архив

Зэгурыіуэныгъэм тепсэлъыхьын щІадзэжащ 1866 гъэм. Империем и епІыкІэхэр США-м къыщигъэлъэгъуэну дзыхь хуащІащ барон Стекль Эдуард. Хъыбархэм ящыщ зым къызэриІуэтэжымкІэ, аращ Аляскэм и уасэр къэзыІэтар - къызэралъытэмкІэ, Урысеймрэ щІым щыхуагъэзащ доллар мелуанитху и уасэ дыщэ, арщхьэкІэ, Стекль, егупсысри, американ правительствэм яхуигъэлъэгъуащ доллар мелуани 7,2-рэ - икІи захуэу къыщІэкІащ.

«Урыс Америкэр» щэным теухуа унафэр къащтащ 1866 гъэм и дыгъэгъазэм зэхэта зэІущІэ щхьэхуэм ирагъэблагъэ цІыху зыбжанэм.

Александр ЕтІуанэмрэ абы и къуэш Константинрэ нэмыщІ абы хэтащ къэрал Іэхуэхэмкіэ министр Горчаков Александр, финансхэмкіэ министр Рейтерн Михаил, тенджыз министр Крабб Николай, Стекль Эдуард сымэ. ЗэІущІэм Константин къыхилъхьа жэрдэмым арэзы щытехъуащ икІи 1866 гъэр имыкІ щІыкІэ яубзыхуащ щІы ящэнум и гъунапкъэхэр. КъыкІэлъытыкІуэ 1867 гъэм и гъатхэпэм Стекль Вашингтон кІуэри къэрал секретарь Сьюард Уильям хуигъэлъэгъуащ Аляскэм щэн-къэщэхуным теухуауэ щыІа псалъэмакъэр къаІэтэжыну. 1867 гъэм гъатхэпэм и 30-м Вашингтон Іэ щытрадзащ Аляскэр щэным теухуа зэгурыІуэныгъэм. Накъыгъэм и 3-м абы Іэ тридзащ Александр ЕтІуанэм.

Урысейм и Министрхэм я Советым и УнафэщІ пщы Гагарин, дзэ министр Милютин, адрей къулыкъущІэхэми Аляскэр зэращар къыщащІар а хъыбарыр газетхэм къытрадза нэужьщ. Илъэс ныкъуэ дэкІри, 1867 гъэм и жэпуэгъуэм, щІыр США-м иратащ гуфІэгъуэ щІыкІэм тету. Абы теухуа зэІущІэр щекІуэкІащ Новоархангельск кхъухь тедзапІэм къыщыувыІа «Оссипи» американ кхъухьым.

Зэгурыіуэныгъэм къызэрыщыгъэльэгъуамкІэ, США-м щІыр Іэрыхьэрт абы щыІэ мылъкур, архивхэр, дэфтэрхэр и гъусэу.

Аляскэм къыщІаха мылъкур дэнэ здэкІуар?

Американ правительствэм къыбгъдэкІыу щІым щхьэкІэ Стекль къратащ доллар мелуани 7,2-рэ зэрыт чекыр икІи британ банкым ар иригъэхьащ. Зэгурыіуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІам езым и Іыхьэр зиІгъэкІащ - абы кхъихьащ доллар мини 10-рэ щэнкъэущхуным хэлыфыхьа американ сенаторхэм яритын хуэдэу доллар мини 144-рэ.

Куэдрэ я гугъащ ахъшэр дыщэкІэ яхуэжу «Оркни» кхъухьым иралъхьэу Урысейм къауТІыпщауэ. Арщхьэкіэ Іуэгу здытетым кхъухьыр пэым щІилъэфауэ, абы кхьхэкІыу Аляскэм щхьэкІэ империем зыри къыІэрымыхьауэ.

Иужьыіуэкіэ Урысей къэрал архивым къыщагъуэтыжащ Финансхэмкіэ министерствэм и лэжьа-кІуэхэм ящыщ зым игъэхъэщІауэ щыта дэфтэрыр. Абы къызэрыщыгъэпэзагъэмкІэ, США-м и кІарита сом мелуан 11-м ящыщу сом мелуани 10-мкІэ урысей гъущІ гъуэгухэм ирахьэлІэнухэр къащэхуащ: Аляскэр зэращам къыпэкІуа мылъкумкІэ къагъэщІэрэщІэжащ Мэзкуу - Рязань, Курск - Киев гъущІ гъуэгухэр.

США-м Аляскэр ищэхуну хуейт?

Зэгурыіуэныгъэм ехьэлІа упщІэхэр Урысейм и мызакъуэу, США-м щІыщІэт. 1867 гъэм Америкэм псори щыарэзытэкъым, граждан зауэ хьэлъэр ияха къудейуэ щІы къэмыІэтар къызэращэхумкІэ. А щІыналъэр нэхъыбэу зэрыкъулейр хьэжэбжафэрэ ипщэ штатхэм хурагъашэ мылрэт.

ЗэрыжаІэжымкІэ, Стекль къаруушхуэ тригъэкІуэдащ щІыр къащэхуным абыхэм я дежкІэ Іэмалыншэу зэрыщытыр американхэм япхигъэкІыным. Къыхуагъэлъэгъуам хуэфащэн пщІэ хуэзыщІар къэрал секретарь Сьюард и закъуэщ.

Зэгурыіуэныгъэр сенатым диІыгъа пэтми (цІыху 37-р арэзы техъуащ, 2-м ядакъым), зэман кІыхькІэ США-р Аляскэм зэреджэу щытар «Сьюард и делагъэ» жаІэщ. Арщхьэкіэ 1896 гъэм Юконым дыщэ къыщыщІахьын щІадза нэужь, а епІыкІэм занщІэу зихъуэжащ. И щхьэ хуит штат Аляскэр щыхъуар 1949 гъэрщ. Ауэ Аляскэм и зехьэныр, абы щІата пщІэри хэбгъэхьэжмэ, лъапІэІуэу къызэрыщІидзым теухуа Іуэху епІыкІэхэр нобэр къыздэсми США-м къыщоІу.

ПРИЕМСКАЯ Евгение.
«Известия»

Ипщэ щІынальэм къыщоунэху

● Армэ

2017 гъэм Ипщэ дзэ щІыналъэм къыщызэрагъэпэщынущ 8-нэ дзэ зэгухьэныгъэ (ОА). Абы и штабыр Новочеркасск къалэм, зэгухьэныгъэм и частхэмрэ къудамэхэмрэ Дон Іус Ростов, Волгоград областхэм щыІэнущ. 8-нэ армэм генералмайор Рохлин Лев зи унафэщІу щыта 8-нэ гвардейскэ дзэ корпусым и къалэнхэр игъэзэщІэнущ. Іэщ1агъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, армэщІэм мыхьэнэшхуэ иІэнущ Урысейм и шынагъуэншагъэр ипщэ-къуэкІыпІэ унэтІныныгъэм къыщыззгъэпэщыныкІэ.

ИПЩЭ дзэ щІыналъэм зэрыщыжаІамкІэ, армэм и къызэгъэпэщыным щІадзащ. А лэжьыгъэм и яп Іыхьэр 2017 гъэм и мэкъуэуцуэм ирихьэлІэу зэфІэкІынущ - штабымрэ управленэмрэ зэхагъэуэвэнущ. Иужьрейм къызэригъэпэщынущ армэм и унафэщІхэм частхэм, подразделенэхэм, зэгухьэныгъэхэм хуаІэ пыщІэныгъэхэр.

Дзэ зэгухьэныгъэщІэм хэтынум и бжыгъэр зэкІэ наІуэкъым. Ауэ, зэрыхуагъэфащэмкІэ, абы хьихьнущ щІэуэ къызэрагъэпэщыжа 150-нэ мотострелковэ дивизэр. Ари здэщыІэр Новочеркасскщ. Апхуэдэу 8-нэ армэм хагъэхьэнущ Волгоград щыІэ 20-нэ гвардейскэ мотострелковэ бригадэр.

- КъызэрыгуэкІыбзэкІэ жыпІэмэ, стратегие унэтІныныгъэ псомкІи дзэ зэгухьэныгъэхэр къыщызэрагъэпэщ иджыпсту. Мотострелковэ, танк дивизэхэмрэ бригадэхэмрэ къыщІынэмыщІа, абы хьихьэнущ артиллерие, инженер полкхэмрэ бригадэхэмрэ, узгум, связым, радиацэ, химие, биологие зыхъумэжныныгъэхэм я частхэр. Армэхэм ядэІэпыкъунущ Уэгу-хьэрш къарухэм я бомбэзэхьэхэмрэ штурмовикхэмрэ, унэтІныныгъэ щхьэхуэхэм - Дзэ-Тенджыз флотым и къухьхэмрэ псыщІагъ къухьхэмрэ, - жаІэ «Арсенал Отечества» журналым и редактор нэхъыщхьэ Мураховский Виктор.

Іэщ1агъэлІым и псалъэхэм къызэрыхэщамкІэ, Урысейм и ипщэ-къухьэпІэ стратегие унэтІныныгъэм и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныкІэ щІэрыщІэу зэфІагъэувэжа 8-нэ армэм мыхьэнэшхуэ иІэнущ.

8-нэ армэм и тхыдэр къыщожьэ 1942 гъэм зэхагъэуваеуэ щыта 62-нэ армэм и деж. Сталинград щахъумэм нэмыцэ-фашист зэрыпхуэкІуэхэм ехьулІэныгъэ яІэу зэрапэщІэтам къыхэкІыу, армэм 8-нэ гвардие цІэр къыфІащауэ щытащ икІи и унафэщІу генерал Чуйков Василий ягъэуващ.

1943 гъэм и гъэмахуэм 8-нэ гвардие армэм ихъумащ Северский Донец псы Іуфэр, бадзэуэгъуэм Изюм-Барвенковскэ, шыщхьэІу - фокІадэм Донбасс операцэхэм хэтащ. Жэпуэгъуэм и 14-м Запорожье къалэр хуит къащІыжащ, адэкІэ Днепр зэрыкІри Днепропетровск пэмыжьыжьэу щыІэ плацдармыр яубыдащ.

1944 гъэм армэм и частхэмрэ подразделенэхэмрэ яхэтащ Одессэ хуит къэзыщІыжахэм. УнафэщІ Нэхъыщхьэхэм я ставкэм и дэфтэрхэм зэхащІыжыжьмкІэ, 8-нэ армэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІащ Украинэр хуит къэщІыжыным. 1945 гъэм «еянэр» хэтащ Познань, Кюстрин къалэхэм щебгъэрыкІуэм, итланэ Берлин операцэм ехьулІныгъэ щызыІэрагъэхьащ.

Зауэ нэужьым 8-нэ гвардие армэр ГДР-м къыщынащ. 1968 гъэм абы къыхуагъэфэщащ Лениным и орденыр, Совет Хэкур хъумэнымкІэ зэфІэкІышхуэ къызэригъэлъэгъуам, дзэ, политикэ гъэсэныгъэм ехьулІныгъэ зэрыщиІэм икІи Совет Армэмрэ Дзэ-Тенджыз флотымрэ илъэс 50 зэрыркъум папщІэ. А гъэ дыдэм 8-нэ ОА-м и частхэмрэ подразделенэхэмрэ хэтащ «Дунай» операцэм, Чехословакием и конституцэ хабзэр щызэфІагъэувэжащ.

1992 гъэм армэр Кавказ Ищхъэрэ зэз округым хагъэхьэжащ. Армэм и унафэщІхэмрэ 34-нэ армэ корпусым и зэхэту 8-нэ гвардие армэ корпус къызэрагъэпэщащ. Абы и командиру ягъэуващ генерал-майор Рохлин Лев. Корпусыр ехьулІныгъэ иІэу хэтащ япэ шэшэн кампанием. 1998 гъэм генерал Рохлин хэкІуэда нэужь, армэр зэбграгъэкІыжауэ щытащ.

РАММ Алексей,
АНДРЕЕВ Евгений.
«Известия»

Памук Орхьэн, Нобель саугъэтым и лауреат

Зи щжъэцыр дыщафэ Бзылъхугъэ

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№23-25, 27, 29-32, 37, 38, 42, 46, 48-50-хэм итщ).

28.

ЭДИПРЭ Сухрабрэ я хъыбархэм ззэщхь куэдхэльт, ауэ щыз зэтемыхуэ зы Іуэхугъуи щыІэт: Эдип и адэ Лай еуІыж, Сухраб и адэ Рустам Іэщ1оКІуадэ. Ялэ хъыбарым къуэр адэуКІ мэхъу, етІуанэм адэр - къуэуКІц. А зэщхъэщыкІынигъэ закъуэм нэхъри къыщІигъатхъэт хъыбаритІыр зэрызззщхьыр. «Шахмане» эпосым мызэмытІэу щыжеІэ Эдип хэдэ кьабзэу Сухраб и адэр ицІыхуу зэрыщымытар. Абы къеджэр йогупсыс: Сухраб иукІыну зыпэщІэувар зэридзэр щимыщІакІэ, ар къуаншэхъым. Зэадззэкъуэр зэрызэбгъэ эпосым кІыхьу къыщыдгъэльэгъуащ, Лай пщыр зыуКІар къигъуэтын щхьэкІэ Эдип иригъэкІуІэ къэхутэнигъэхэм хэдэу. Онгёрен щыІа театр Іэпхъуэшапхъэхэм абыхэм я ззэазым и кІэух Іыхьэрщ утыку кьрихьар.

Иджы девгъэгупсысат, зи адэр зыуКІыжа Эдипи, зи къуэр зыІэщІэкІуэдэжа Рустами мыкъуаншэу жьытІэ хъуну, ящІэр ямыщІу къаззрыщІэщІам щхьэкІэ? Пасэрей алыджэкэр Софокл и пьесэм щеплъым щыгъуэ я гугъэу къыщІэкІынт Эдип и гуэныхьыр здэщыІэр и натІэм къиткам фІэкІыну къэнэн хэмэйуэ. Ауэ абы ар зэрипшыныж лъэпкъ ищхьэ кърикІуакъым, сыту жьпІэмэ, КъуэкІыпІэмкІэ адэу ущытынракъым щынэхъыщхьэр, атІэ утекІуаэу укъальытэнырщ.

Жэщхэм сыкъэушурэ сегупсысыр абы, Іэфіу жейуэ къыэбгъэдэль си щхьэгъуэсэм сыкъимышІэу. Эрам узздигъэхэм я нур фагъуэу щхьэгъубжэ Іупхъуэм и дамдззэмкІэ къыдидзым Айшэ и натІэ дахэмрэ и Іупэ щыхэмрэ къигъэнэхуг, абы сыщеплькІэ сэ зыхэсщІэрт, бын димыІэ пэтми, абы насыпыфІэ сызэрыдэхъуар. Сэ сыкъэтэджырти щхьэгъубжэм сыбгъэдыхъэрт.

Зэгуэрым жэщ ныкъуэу сэ сыкъызэщыуащ икІи, хабзэ зэрысхуэхъуауэ, щхьэгъубжэм сыдзэпльащ. Истамбул уэшхым къритхьэщІэхырт, абы и Іэуэльауэ макъым уназкъым и кІэм жалыщхьэмрэ псыкъежэхыпІэ бжьамийхэмрэ пэпсальэжырт, уэрам кІыфІым полиц машинэ ирикІуэрт, и натІэм тет уэздыгъащхьэу щІыкІур зэрыпІейтеям и нэщэнэу игъэупІэрапІэу. Зэманыр хьэлэбэлыкъыншэтэкъым. Европей зэгуэхьныгъэм и тепъхьахэр, лъэпкъыр зэрыщІэпкъыу и щхьэ и унафэ ищІыфу къэнэжьын хуейуэ къэзыльытэжр, ятІэм зэрыщытауэ дин къэралыгъуэ хъужьымым хущІэкъуэхр лъэрыщІыкІыу зэпэщІэтт. Зэныкъэжьхъэм я Іэщэ нэхъыщхьэр тырку бараксэрт, Истамбул и хьэблэхэм дэнэкІи нып плъыжьышхуэхэр щыплІагъунут. Зззэмызэм къаІэм кхъухльатэ лъахъшабзэу щхьэпрыльэтырт, къысфІэша тхьапльэр. Шахым и дыщэ хъумапІэм абы къыщІихащ егъэлеяуэ дахэ, налкъутналмэскІэ гъэщІэрэщІа, сурэт щхъуэкІэпльыкІэхэр зыдэщыІгъу «Шахнаме» и Іэрытх тельыджэхэр. Ахэр щыщт Ак-коюнлу пащтыхь ЛаКъуэм, Шейбани узбек хъаным къадгъуэгурыІуауэ щытахэм. А лъэхъэнэм къыкІэпльыкІуа ипъэс щитІым кьрибубыдэу Уэсмэнхэр куэдрэ ззуауэ Сефивидхэм, икІи зэпэщІэта лъэныкъуитІым Тебриз къалэр мызэ-мытІэу зэІэпахащ, чэзууэ тепщэнигъэр щаубыду. Зи чэзу зауэр щыцыІэкІэ, Сефивидхэм я ЛІыкІуэ Уэсмэнхэм я деж ягъэкІуэрт мамырыгъэ зэгуфыІуэныгъэ зэращІылІэну икІи тыгъэу здашэрт налкъут-налмэскІэ гъэщІэрэщІа «Шахнаме»-м и Іэрытх тхьилъ, абы и дахагъэм иригушхуэрт, ирипагэрт, Топкапы уардзунэм и дыщэ хъумапІэм хуэсакъыу щагъэтІылъыр. Апхуэдэ щІыкІэкІэ къэжэр усыгъэм и хьугъэфІыгъуэ курыхым и Іэрытх тхьилъ тельыджэ зыкъом Тыркум къыщыхутащ.

Фикрие-хъаным си пащхьэ кьрилъхьащ лІэщІыгъуитху ныбжь зиІэ тхьилъ Іэрытх нэхъ дахэ дыдэкэр, дэ зэгъуэгу дыхэпльащ абы дэлъ сурэт гъуэнкэм. Нэхъ Іэзэ дыдэу ящІа сурэтхэм илъагъуэрт зи къуэр зыІэщІэуКІэжа Рустам и нэгум илъ хэкІыпІэншагъэмрэ иужь дакъикъэжам къэхуа псори кьригъэкІуэтыжьну егъэлеяуэ зэрыхуеймрэ.

Мурэйм щыгъэкІуа махуэжам ящыщ зым Фикрие-хъаным сурэт щыкІу куэд сигъэльэгъуат.

- Пасэрей хъыбархэри тхьидэри зыфІэгъэщІэгъуэн иджы щыІэжкъым, - къызжиІащ абы. - Сэ си гуапэ хъуащ уэ Рустамрэ Сухрабрэ я хъыбарым узэрыдихьэхар, абы техуауэ нэхъыбэ кьэпщІэну узэрыхущІэкъур. Сыт хьэлэмэтагъыу уэ хэпльэгъуар а таурыхым?

- Си гум хыхьащ адэм и къуэр зэрикъыжьмрэ хущІегъуэжа нэужь зыхищІа Іэмалыншагъэмрэ, - жысІащ сэ. - Илъэс куэдкІэ узэІэбжьмкІэ, сэ абы ещхь теплъэгъуэ щыслъэгъуауэ щытат штыр театрым и утыкум.

- Уэрэ уи адэмрэ фи зэхущытыкІэхэр щІагъуэ къыщІэкІынкъым, - жиІащ Фикрие-хъаным икІи си жэуапым емыжьэу кьыпищащ, - Дэ, тырку хэм, «Шахнаме» хуэмыфащэу Іэщ1ыб тщІащ. Къищынэмыщ1ауэ, иджыдэй дунейм фІэфІкъым пасэрей зауэлІ хахуэхэм теуха хъыбарыжьхэр. Фирдоуси и тхьилъыр зэрращІэупщІэрэ Іэджэ щІащ, ауэ «Шахнаме» эпосым хэт хъыбархэр ноби мэпсэу. Ахэр дэ къыщІэхущ, къыщІэдгъуэгурыІуэ, я теплъэр яхъэжьурэ. Псальэм папщІэ, вэсэмахуэ си дэІэпыкъуэгъу хъыджэбзымрэ сэрэ ебланэ каналымкІэ деплъащ Татлысес Ибрэхым щыджэгу пасэрей фильм гуэр. А фильмым лъабжьэ хуэхъуар Гюльнарэрэ Ардаширрэ я лъагъунагъэм теухуа хъыбару «Шахнаме» эпосым къыхэдгъэщат. Си дэІэпыкъуэгъу Тугбэрэ сэрэ пасэрей тырку фильмхэм щІэх-щІэхыурэ доплъ, Истамбул ялэм зэрыщытар зэдгъэльэгъуну тфІэфІщи. Къищынэмыщ1ауэ, дэ а фильмхэм къыхьдубыдыжьКІ «Шахнаме» е нэгъэщІ пасэрей тхьилъхэм къыхахыу дызыхэпсэуКІ лІэщІыгъуэм кърагъэззэгъа теплъэгъуэхэмрэ хъыбарыжьхэмрэ. Уэри, Джем-бей, уолъагъу Истамбул зэрызихъуэжар, ауэ нэхъапэхэм траха фильмхэм уещІлъкІэ, нэхэм къащІыхуж нобэ дэ дыщІэкІуэ уэрамхэмрэ утхэмрэ. Абы ещхьыр «Шахнаме» и хъыбархэри. Иджыблагъэ фильм гуэр делъпати, абы къызэдгъуэтащ Хосроовр Ширинрэ я хъыбарыр зэрызззхэль теплъэгъуэ псори. КьызззрысщІыхъумкІэ, пасэрей хъыбарыжьхэри, ахэр зэрыт Іэрытх тхьилъэри кІуэдыжа нэужь, зытахэм я щІэхр ящІыгъупщжьпа нэужьи, а хъыбархэр иджыри куэдрэ псэунущ, щІэрыщІэу кьаІуэтэжурэ. «Иешильчам» («Псей щхьэгъуэ»») киностудием щытраха мелодрамэхэм дыщІелплькІэ, псоми ди нэгу щхьэгъуэзэр зыщ1 - пасэрей къэкІыпІэ хъыбарыжьхэрщ.

Зззыдзэкіар
КЪЫП (НЫБЭЖЬ) Таисэ.
(Къыкіэлъыкіуэнущ).

Сурэтыр **Сэвкіуий Хьэмид** *ищІащ.*

Спектаклыр гунэс ящохъу

«Занавес» студент театрым гъатхэпэм и 27-м КъБКъУ-м щигъэлъэгъуащ Красноговор Валентин и «Театральная комедия» пьесэм къытращІыкІа спектаклыр.

● Гъуэздж э

ЕДЖАПІЭ нэхъыщхьэм и студентхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ къадэкІуэу, щІалэгъуалэм я зэфІэкІым ельыну зыкъраГъэхъэлІащ КъБКъУ-м хамэ къэрал зэпыщІэныгъэхэмрэ стратегие зыужьынигъэмкІэ, гъэсэныгъэ Іэхуэхэмкіэ и проректорэу Къуацэ Хъуасенрэ Къумыкъу Іэуесрэ.

Театрым и художественэ унафэщІ икІи и режиссёр нэхъыщхьэ **Дохъушокъуэ Мадинэ** жиІащ Театрым и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу спектаклыр зэрагъэльэгъуэр икІи я лэжьигъэр ягу дыхьэну зэрыщыгугъыр.

Студентхэм ягъэувэ спектаклыр куэдым гунэс ящыхьэщІэ, РАТИ-ГИТИС-м сценэ пластикэмкІэ и какафедрэм и профессор **Закиров Айдар**.

ДОЛ Иннэ,
КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Олимпиадэ зэІухар иухащ

9-нэ, 10-нэ, 11-нэ классхэм щеджэ еджакІуэ минитІым нэс хэту КъБКъУ-м щрагъэкІуэкІа V олимпиадэр иухащ.

АБы хэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щІыналъэ куэдым щыщхэр: Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Дагъыстэным, Ингушым, Къэрэшей-Шэрджэсым. Зэпеуэр предметибгъукІэ екІуэкІащ. Урысыбзэ, математикэ, обществознание, тхыдэ предметхэмкІэ зэпеуэхэрщ ныбжьыщІэ нэхъыбэ дыдэ зыхэтар

Олимпиадэр къыззыгъэпэща КъБКъУ-м и школ академие щІыкІым и унафэщІ Насып Артур зэрыжиІамкІэ, мыпхуэдэ зэпеуэхэр щІрагъэкІуэкІым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр еджакІуэ зэчиифІэхэр къэхутэныр, абыхэм я щІэныгъэм нэхъри хагъэхъуэныр щ.

Артур къызэригъэлъэгъуамкІэ, нэгъабэ елъытауэ мы гъэм хуэдитІкІэ нэхъыбэщ зэпеуэм хэтыну гупыж зыщІахэр. «Ар и щыхьэтщ еджапІэм и пщІэр нэхъ лъагэ зэрыхъум», - жиІащ Насыпым.

Зэпеуэм къыркІуахэр дяпэкІэ наІуэ зэхъуну. ТекІуахэр къызэрыхэжаныкІа предметымкІэ ІэтащІ хущІагъунущ ахэр еджапІэ нэхъыщхьэм щыщІэтІысхьэм деж.

КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Гъатхэ лэжьыгъэхэм пащэ

Тэрч къалэр гъатхэм хуагъэщІэращІэ.

ЩЫПІЭМ и коммуналь-ну бригадхэр егугъуу щолажьэ къалэм и дыхьэпІэхэм: жыг лъабжьэхэр ягъэкъэбзащ, яухъунщІащ, мыгувэу сэху иратыжынущ. Апхуэдэу зыхуей хуагъаз зауэм зэхэтхэм я фэеплъу Тэрч къалэрэ районым и жылагъуэхэм дэтхэмрэ. Тэрч къалэм хабзэм къемыззгъ пхъэнкІийидзыпІэ щІэкъым, кІэрыхьфбжьэрыхуэр абы хухаха щыпІэхэм щызэхуахьэс.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Фэеплъ

Гуапэу я гум къинэнущ

Нартан къуажэм дэт курыт школ №2-м и лэжьакІуэ гупым хэщІыныгъэ хьэлъэ дгъуэтащ: уз хьэлъэм иубыда Барий (Сен) Мадинэ Хьэжберд и пхыр 2017 гъэм гъатхэпэм и 12-м дунейм ехыжащ. Илъэс 48-рэ фІэкІа мыхъуу дунейм ехыжа бзылъхугъэр нобэ къызэрытхэмытыжьым дыщегупсысКІэ, псэм игъэв гуаэр къэІуэтэгъуейщ.

2001 - 2010 гъэхэм Барий Мадинэ математикэмкІэ егъэджакІуэу лэжьащ. А зэманым къриубыдэу абы зыкъигъэльэгъуащ зи предметым кууу хэзыщІыкІ, щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, зи Іэщ1агъэм хуэІэзэ егъэджакІуэу. Дэтхэнэ и зы дерскІи еджакІуэм щІэ гуэр зэрыбгъэдилъхьэным хущІэкъуу и лэжьыгъэм пэрытт, апхуэдэуи сабийхэм я гъэсэныгъэми гулъытэ хуищІырт.

2010 гъэм щегъэжьауэ Барийр лэжьащ Нартан къуажэм дэт курыт школ №2-м епха «Росинка» сабий садым и гъэсакІуэу икІи и методисту. Абы и лэжьакІэм наІуэ къишІырт ар зыпэрыт егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ Іэнатіэм къызэрыкІуэщІар. ЦІыху нэфІэгуфІэу, нэжэгужэу, лэжьакІуэ емызэшу щыта Мадинэ гуапагъэр и Іэпэгъуу и гъащІэ мащІэр ирихьэкІащ. Пщэдджыжь къэс ар сабийхэм гуфІэжу япежьэрти, дэтхэнэми псалъэ дахэ жриІэурэ пэшым щІишэрт. ГуапагъэкІэ псоми ядэгуашэ бзылъхугъэр къэзыухъуреихьэри арат къызэрыпэджэкыр, и гъэсэн цІыкІухэм сфы дыдэу къалъагъурт. Бзылъхугъэ щэныфІэм, зэпІэзэрытым нэгъуэщІуи ухущытыфынутэкъым.

Барий Мадинэ псэ хъэлэлкІэ пэрытащ и Іэнатіэм. Лэжьыгъэм хуиІэ апхуэдэ бгъэдыхьэкІэрщ абы къуажэдэсхэм я пщІэр къыхуэзыхьар.

Бзылъхугъэ гуащІафІэм и псэугъуэ дахэу арат, ауэ Тхьэшхуэм и натІэм къритхар нэгъуэщІт... Ар гъащІэм и Іыхьэ мыгугъшц... Гуаэр хьэлъэу зыхащІащ Мадинэ и благъэ-Іыхьлыхэм, и ныбжьэгъуэхэм, и лэжьэгъуэхэм, и гъэсэнхэм. Абы и фэеплъ нэхур ар зыц1ыхуу щыта дэтхэнэми гуапэу и гум къинэнущ.

Нартан къуажэм дэт курыт школ №2-м и лэжьакІуэхэр.

● Шахмат

Сабий унэхэм я гъэсэнхэр зэпоуэ

Мы махуэхэм Сочэ къалэм щекІуэкІащ сабий унэхэмрэ школ-интернатхэмрэ я гъэсэнхэм шахматхэмкІэ я етІуанэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. «АкваЛоо» курорт-санаторэ Іуэхущ1апІэм махуипщІкІэ щекІуэкІа зэпеуэм хэтащ Урысейм и щІыналъэ 20-м къикІа командзэ 46-рэ. Иджырей зэхьэзэр къыззрагъэпэщащ УФ-м Шахматэкмкіэ и федерацэмрэ «Северная Корона» социальнэ псапащІэ, щэнхабзэ программэхэмкІэ фондымрэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и цІэкІэ Сочэ щыІащ Нартан къуажэ дэт школ-интернат №5-м и еджакІуэхэу Найчук Владимир, Гузенкэ Владислав, Тэхъу Камран, Севериновэ Викторие сымэ. Ди республикэм икІа ныбжьыщІэхэм зэхьэзэхуэм фІы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ.

Урысейм Шахматэкмкіэ и федерацэм и президент Филатов Андрей къызэрыхигъэщамкІэ, «Шахматэр - сабий унэхэм» - проектыр мыхьэнэшхуэ зиІэхэм гъэсэнхэр илъэс ещанэ хъуауэ хэтщ Сочэ щІыпІэ «Восхождение» урысейпсо шахмат зэхьэзэхуэм. Абы кІэну сабийхэр къыхех Щыхьмырзэ Артур зи унафэщІ республикэм и шахмат федерацэм.

Зэхьэзэхуэм папщІэ къызэрагъэпэщат нэгузыужь программэ зэмылІэужьыгъуэхэр, футболымкІэ, баскетболымкІэ, волейболымкІэ зэпеуэхэр, сабийхэм Сочэ и щІыпІэ дахэхэм зыщгъэзэпІъыхьащ.

Къыщынэмыщ1ауэ, зэхьэзэхуэм хиубыдэу екІуэкІащ Европэм и чемпион Инаркиев Эрнест и мастеркласс. Дунейпсо шахмат школ зэгугъэныгъэм и президент Костьев Александр сабий Іуэхущ1апІэхэм шахматым зэрыщыхьрагъэджэн хуей щІыкІэм теуха семинар иригъэкІуэкІащ.

Дерсыр екъуІэныгъэ иІэу къызэриухам папщІэ, диплом къыхуагъэфэщащ КъБР-м икІа командзм и унафэщІ, Нартан дэт школинтернат №5-м физическэ щэнхабзэмкІэ и егъэджакІуэ Хъуран Жаннэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтынущ

● Мас-рестІинг

Налшык къалэм дэт «Легион» тренажёр пэщым мы махуэхэм щекІуэкІащ щІалэ, хъыджэбз щыкІуэхэм мас-рестІинг: ныбжь я зэхьэзэхуэ. Мы гъэм илъэс етІуанэ хъуауэ ирагъэкІуэкІ зэпеуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэ псомиткъикІа ныбжьыщІэхэр.

СПОРТСМЕНХЭМ я нэхъыбэм ипэкІэ мас-рестІингмкІэ загъэсатэкъым. Ауэ я къарууфІагъэмрэ зэпеуэм и хабзэхэмрэ я фІыгъэкІэ, дэтхэнэми абы хэтыну Іэмал игъуэтащ. Зэхьэрхуэрэгъуэхэр я хьэлъагъ елъытауэ гупитхуу гуэшауэ щытащ.

Зыхэта гупхэм пашэныгъэр щаубыдащ Сэвитаридзе Тамерлан, Тхьэгъэлэдж Сэлим, Исмаилов Мурат, Цыдэт Асир, Куэтэнышы Анзор сымэ. Хъыджэбз цІыкІухэм ящыщу пашэ хуащ Магомедовэ Айнэ, Жечкъар Алинэ, Тхьэгъэлэдж Данэ сымэ.

Зэхьэзэхуэм щытекІуахэр хэтынущ масрестІингмкІэ накъыгъэм Калугэ къалэм щекІуэкІыну урысейпсо зэпеуэм.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Редактор нэхъыщхьэм и ящэ хъуэдэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэ), Кьардэн Маринэ, Нэщ1эпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэцэмыщ1 Иэ.



Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеми - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитынигъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щыпечатащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня,** *редактору* **Хьэжыкъарэ Алик,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ,** *компьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Іэ тралэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.711 ● Заказ №411